


# ANN BAY LODYANS 14

Se Bryant Freeman  
("Tonton Liben") ki  
pare ti liv sa a.



PM  
7854  
.H39  
A56  
2000  
v. 14

## AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas  
Bon Nouvèl  
Fondasyon Alfa Lwès  
2000

PM  
7854  
.H39  
A56  
2000  
v. 14


## YON TI PYE ZORANJ

Se istwa yon ti fi ki pa t gen ni manman ni papa. Li te setoblije al viv kay marenn li. Malgre li te tou piti, al nan dlo jis nan sous se li menm. Al nan raje bouske bwa, se li menm. Limen dife, se li menm. Menm manje, se li ki te kwit sa. Tout komisyon se li ki t al fè yo.



Tout travay sa yo, tout soufrans ak fatig sa yo, ti fi a te fè yo san plenyen. Men malgre tout sèvis sa yo, se yon tray ti fi a t ap pase anba men marenn lan. Ti krik ti krak se chaplèt isit chaplèt laba. Marenn lan te fè l fè tout bagay epi se yon grapday manje li te konn ba li.

Yon jou marenn lan t ap soti. Li kite pou ti fi a fè manje, lave veso, fè tout travay nan kay la, epi pinga bouch li long lè l antre. Men pandan li t ap fè sa, li wè yon panye ak twa bèl zoranj byen mi.



Zoranj yo te tèlman bèl, yo fè bouch ti fi a kouri dlo. Li di nan kè l: “Depi maten m pa goute anyen, menm yon grenn sèl m pa mete anba lang mwen. Nan twa zoranj sa yo, wè pa wè, m ap manje youn.”

Se konsa li te pran youn, li manje l tranch pa tranch. Li sere tout grenn yo nan cheve l. Apre sa, li tounen al fè travay nan kizin lan. Kou marenn li tounen, li wè gen yon zoranj ki manke, se de sèl li jwenn. Li di: “Ki moun ki frenk pran nan zoranj ki te la?” Ti fi a reponn: “Se mwen wi, marenn. Te gen twa zoranj, mwen manje youn, epi m kite de pou ou.” Marenn lan pa t bezwen tandè tout pawòl sa yo. Li rale rigwaz li, li kòmanse wonpi ti malèz la. Se pa sa sèlman, anmenmtan li te tou pwofite vide sou ti fi a mezi move pawòl li te gen nan lespri l. “Ale, mwen mete ou deyò. Lè ou a jwenn zoranj la pou pot vini, ou a rantre.”

Kè ti fi a t ap fann de bò, tèlman li te nan tristès. Li pete yon kous kouri san l pa menm konn kote li prale. “Woy! Kouman m pral fè, mezanmi! M pa gen kòb, m pa gen yon ti moso tè, m pa gen pye zoranj, kote m pral jwenn zoranj pou m remèt nennenn mwen!”

Nan kouri li t ap kouri a, li te vin ap pase devan simityè kote manman l te antere a. “Ay! manman,

ou sèl m te genyen, ou ale. Gade nan ki soufrans m ye kounye a! Kouman m pral fè? Ou pa kite lajan pou mwen, ou pa kite tè pou mwen, m pa gen byen ditou ditou, pa kite m peri. Manman, tanpri souple, fè kichòy pou mwen. M pa ka tounen kay nennenn mwen san zoranj la.”



Solèy la ap desann nan lanmè, piti piti li fè nwa. Somèy pran ti fi a sou tonm manman l. Lè l reveye denmen maten, li leve kanpe ak menm chay lapenn. Nan voye je, li wè yon ti pye zoranj k ap soti nan tè a. Kote li te ye nan lòt monn lan, manman ti fi a te tandè rèl li. Nan tout ti grenn zoranj ki te nan cheve ti fi a, yon grenn te tonbe, epi li t ap monte.



La pou la, ti fi a pran chante. Menm lè a ti pye zoranj la te pouse byen vit. Tankou yon kout zeklè, nan yon ti moman ti pye zoranj la te kouvri ak bèl flè ki santi bon. Epi yon pakèt bèl ti zoranj parèt. Piti piti yo kòmanse vin gwo. Se konsa ti pye zoranj la te kouvri ak yon seri bèl zoranj. Kòm ti pye zoranj la pa t wo, ti fi a pa t gen pwoblèm pou l te keyi twa bèl: youn pou manman l ki te

tande l, youn pou papa l ki mouri tou, anfen youn pou li menm. Apre sa, li te keyi twa ankò pou pote remèt marenn li.

Si lè l te kite kay marenn li, se ak dlo nan je li te kouri, fwa sa a se ak kè kontan li te kouri tounen. Lè l rive sou pewon kay la, ti fi a tandè yon vwa ki di l: “Kote ou te kache kò ou? Kote ou jwenn zoranj sa yo ki nan men ou? Ki bò ou t al vòlè yo? Ou pa gen lajan, ou pa gen pye zoranj!”

Se konsa marenn lan te akeyi ti fi a, men ti fi a pa t pè ankò. Li reponn tenkantenk: “Se devan je m ti pye zoranj mwen an te pouse, se devan je m ti pye zoranj mwen an te grandi, epi se devan je m ti pye zoranj mwen an te donneren.” Ti fi a te tèlman pale ak asirans, sa te pwovoke madanm lan. Li vin move kou kong, li baf! epi li rale zoranj yo.

Se konsa zoranj yo te bèl malè tou. La pou la, madanm lan pa t menm gentan pran sant zoranj yo. Apenn li te touche yo, li tonbe sou fal. Epi l te pati nan peyi san chapo. Apre lanmò marenn li, ti fi a vin gen tout byen yo pou li, kay ak tè. Chak senmenn l al nan mache pou l vann yon panyè zoranj ki sot nan ti pyebwa li sèl konnen sekre a.

M t ap pase bò ti pye zoranj la, li te ban m kèk zoranj pou m gen fòs pou m vin bay ti kont sa a.

# RENA AK KABRIT NAN YON PI

Yon jou kapitenn rena pral flannen. L ale avèk zanmi li, yon gwo bouk kabrit ki gen gwo kòn long. Bouk kabrit la pa t wè pi lwen pase nen li. Rena, jan nou konnen, se bèt ki gen anpil lespri, epi ki renmen twonpe lòt bèt.

Yo mache mache. Lè yo rive byen lwen, yo te swaf. Yo te oblije desann nan yon gwo twou dlo yo rele yon pi. Lè yo fin bwè kont dlo yo, rena a di kabrit la: “Sa n ap fè kounye a, konpè? Se pa tout pou nou bwè dlo, men fòk nou soti nan twou a.” Kabrit la reponn: “M pa konnen, non.” Rena a di: “Leve pye ou avèk kòn ou tou. Mete yo sou mi an. M ap grenpe anvan. M ap monte sou kòn ou yo. Grasa sa, m a soti. Apre, m a ede ou.”

Kabrit la reponn: “O monchè, ou gen lespri. Mwen pa ta janm jwenn sekre sa ou di a.” Apre, lè rena a soti nan pi a, li di kabrit la: “Monchè, kounye a mwen deyò. Ou menm ki anndan, degaje ou pou ou soti, paske mwen pa fouti rete plis.” Se konsa kabrit la te rete nan gwo twou dlo a.

Anpil moun di: “Degaje pa peche.” Yo mete lespri yo pou yo fè lòt moun mal. Se egoyis yo ye. Pinga ou kite yo twonpe ou!

Jòslen Jozèf, Pòtoprens

# NAN YON RESTORAN

Vwala, se te yon fwa yon nèg andeyò ak yon nèg Pòtoprens ki te rankontre Pòtoprens menm. Nèg Pòtoprens la di: “Konpè, sanble ou grangou?” Lòt la di: “Ou ap di, konpè. Nèg la grangou pase chen laplenn.” Nèg Pòtoprens la di: “Enben, men yon bon restoran. Se la n apral manje.”

Nèg andeyò a di: “Konpè, ou di n apral manje. Men m pa gen senk kòb menm nan pòch mwen. Pinga ou fè yo bat mwen. Mwen pa moun isit.” Lòt la reponn: “Monchè, ou pa bezwen pè. Se mwen ki di ou yon bagay. Men sa ou ap fè: ou ap pran yon baton lakre. Ou a fè 2 ba nan ponyèt ou, pou yo konnen se kaporal ou ye, epi ou ap tann mwen. Lè m fini epi y ap fè tenten, ou a parèt. Ou a arete mwen.”

Reyèlman vre, nèg Pòtoprens la rantre. Li manje yon pla pou kenz dola. Lè l fini, yo mande l kòb la. Li di: “Sa k genyen? Se fini m fini, wi. Sa n ap vin di m la?” Mouche refize peye. Koken leve. Nan tenten, nèg andeyò



a parèt. Li mande: “Sa k genyen la?” Yo rakonte l. Li di: “Ban m mouche, pou m al regle sa!” Lè yo rive pi devan nan yon lòt ri, li lage mouche. Kounye a se nèg andeyò a k al manje.

Nèg andeyò a rantre nan yon lòt bon restoran. Li manje byen manje. Lè l fini, li pa vle peye. Men



gen yon vre polis ki vin parèt, yon vre kaporal. Li arete mouche, epi li vle mennen l lapolis. Men nèg Pòtoprens la te gentan mete twa ba nan ponyèt li, li mete l sèjan. Li di kaporal la: “Otan! Kaporal, sa k pase

ou ak mouche?” Kaporal la reponn: “Se manje l al manje, li pa peye.” Nèg Pòtoprens la di: “Oke, ban m mouche, pou m al regle sa.”

Se konsa de nèg yo manje, san yo pa t gen anyen ki rive yo.



# ISTWA YON GWO WÒCH

Te gen yon vye granmoun ki te rich anpil. Yon jou li decide pou li pataje richès li ak kominote a. Li woule yon gwo wòch nan mitan yon wout kote tout moun konn pase.

Yon premye moun parèt. Li wè gwo wòch la ki bouche wout la. Li tonbe plenyen, li joure. Men apre sa li chache yon ti kwen bò wòch la, li pase, li ale. Yon gwo tonton vin ap pase. Li gade wòch la, li tonbe joure jan leta pa bon, jan moun ki mete wòch la pa bon. Lè l fin joure kont li, li tchoule kò l nan kwen wòch la, li pase, li ale.

Vin gen yon jenn nèg ki t ap pase, ki wè wòch la. Li di: “A non! Se pa plas wòch sa a. Li jennen kominote a.” Msye chache yon gwo gòl, li rantre l anba wòch la. Li pouse, li swe, men apre yon bon ti moman li deplase wòch la. Li pouse l mete andeyò wout la. Lè l fin fè sa, li gade, li wè yon gwo sak anba plas wòch la. Li pran sak la, li louvri l. Li wè li plen lajan. Epitou te gen yon papye nan sak la kote granmoun rich la te ekri: “Moun ki deplase wòch sa a nan mitan wout la, se moun ki renmen bonè ak pwogrè kominote a. Se pou li lajan sa a ye.”


Mimoz Antwàn

# YON CHWAL AK YON KRAPO

Te gen yon bèl fi ki rele Melani. Li pa t konn sa pou l fè: li te gen 2 mennaj, yon chwal ak yon krapo. Lè l fè kòm si l ta pito youn, menm lè a lòt la fin anraje.

Yon swa, chwal sòti. Li konnen, se mennaj li l apral wè. Men lè l rive, li jwenn Melani ap bay lodyans ak krapo. Msye move. Li joure paske lòt la t ap koupe zèb anba pye l. Alafen Melani di: “M pral mete nou dakò. Denmen maten nou toude apral lasous. Kou grigri pran chante, derape vin jwenn mwen. Sa k rive anvan an, se ak li m ap marye.”

Kou li jou, chwal mete odè, li byen poudre, zago l annavan prèt pou sòti. Li pa wè krapo kache bò kote l. Grigri tanmen chante. A! chwal pati, men




krapo pi vif pase l. Li bondi al tache nan gwo ke chwal la. Fò nou te wè chwal kouri tout boulin. Li vòltije ni rigòl ni lantiray. Lè li bouke, li fè yon ti rete.

Men, tou dousman, krapo fè yon ti “èf-òf.” Chwal sezi, li sitèlman sezi li ranni: “Sa sa vle di, papa?” Li pran kouri pi vit toujou. Li rive bò yon ti dlo. Li kanpe. Li di konsa: “M ap bwè yon ti gòje dlo sou tèt ti krapo a. Podjab! Se laraj jan sa dwe bouke.”

Menm moman an, krapo ki te kole nan ke chwal, fè yon ti “èf-òf” ankò. Chwal rele: “Sa pa posib!” Epi li kòmanse galope vitès boulin pou l ka rive pi vit. Nan yon ti moman, li parèt nan bouk la. Men kay Melani. Chwal rele: “Cheri! cheri!” Yo tande vwa li. Tout moun vini pou yo ka resevwa msye, pou yo ka fè fèt pou li, pou yo ka fè l konpliman.

Kou chwal fè sa pou l louvri baryè a, li tande: “Paf!” Yon bagay sòti tonbe sou zepòl Melani. Se te krapo ki te rive, san swe, pi pre pase li. Krapo bo Melani. Lè chwal wè sa krapo fè, li rive tounen lakay li tou wont. Li pèdi mennaj li.



Lesli Ogis, Los Palis

# DE PÒV AVÈG


Vwala, te gen de pòv avèg ki t ap mande charite ansanm. Gen yon mouche ki vin ap pase. Yo mande l charite. Mouche a di yo: “Men, n a separe.” Poutan li pa ba yo anyen.

Epi youn nan avèg yo di lòt la konsa: “Konben li te ba ou?” Lòt la menm di: “Enben, sa k fè ou ap mande m konben li te ban mwen an? Se pou ou pa ban m pa m lan!” Youn konnen se lòt ki resevwa kòb la. Yo pran goumen, youn kòmanse bay lòt kou.

Gen yon lòt msye ki rive, li mande yo sa k genyen. Yo esplike l. Li di yo: “Enben, moun sa a pa ban nou anyen. Se paske li wè nou avèg, li twonpe nou toude.” Lè sa a, avèg yo kite batay la, e yo vin byen jan yo te ye a.

Si sèlman tout chirepit ant kreyen vivan ta ka regle kon sa!

Mak Montilis, Ravin Twonpèt



## KISA SA VLE DI?

Vwala se yon pè ki te granmoun anpil. Li pa t kab pale anpil. Yon jou li di fidèl yo se ak siy li pral preche yo. Yon mouche vin parèt. Pè a lonje yon dwèt, mouche lonje de (2) dwèt. Pè a lonje twa dwèt, mouche lonje pwen li. Pè a rale yon ponm nan pòch li, mouche rale yon pen nan sak li.

Pi ta, fidèl yo mande mouche a kisa siy sa yo vle di. Mouche reponn: “Pè a di l ap foure yon dwèt nan grenn je m. Mwen di l m a foure de (2) nan pa l. Li di l a foure twa dwèt nan je m. Mwen di m a frenk li yon kout pwen. Pè a vle montre m jan li konn manje ponm. Mwen montre mwen menm m konn manje pen.”

Fidèl yo pa kwè. Y al mande pè a sa l te vle di a. Pè a menm di yo: “Mwen montre yon dwèt, sa vle di yon pèsonn. Li montre de (2) dwèt, sa vle di yon dezyèm pèsonn. Mwen montre l twa dwèt, sa vle di yon twazyèm pèsonn. Li montre m yon pwen, sa vle di touletwa pèsonn sa yo fè yon sèl: Bondye, Jezikri, ak Sentespri a. Mwen rale yon ponm nan pòch mwen, sa vle di se nan yon ponm konsa nou te prèt pou pèdi. Li rale yon pen nan

pòch li, sa vle di se pen an, Jezikri, ki sove nou.”  
Yo tout reponn: “Se sa menm.”

Se yon kote m t ap pase, yo ban m yon ti kout  
pye, mwen vin bay koze sa a.

Jòslen Kazimi, Okap

---

## YOUN RENMEN LÒT

Vwala te gen yon msye avèk madanm li ki pa t  
janm gen kay pou yo rete. Yo te gen senk tach yo  
pote tout kote yo pase. Yo rive yon kote, epi msye  
a koupe kat ti poto. Li mete tach yo pou fè yon  
tonnèl. Epi li chache yon bèl fwèt, e li bat madanm  
li. Madanm lan rele, men pyès moun pa mande sa  
ki genyen.

Nan denmen, yo soti, yo ale yon lòt kote. Li fè  
menm ti tonnèl la ankò. Epi msye a chache yon  
bèl fwèt, e li bat madanm li menm jan ankò.  
Lamenm yon pil moun sanble la, yo vin wè sa ki  
genyen.

Aprè tout moun yo ale, msye a di madanm li:  
“Bon, se isit la n ap rete, paske moun isit yo gen  
lacharite. Si nou gen yon ka ki rive nou, y a  
sekoure nou.”

Ibè Egzil, Sèkakavajal

# YON ISTWA BÒLÈT

Konpè Dezinò se te yon gran fanatik bòlèt. Se tout tan li pral nan simityè pou l al mande mò li yo, ki nimewo k ap fè premye lo. Yon jou, pandan l ap dòmi, li wè yon mò ki vin pale avè l. Mò a di l: “Monchè, ou mèt jwe 25 san revè.”

Leve msye leve, li souke madanm li. Li di l: “Mwen jwenn yon bi. M wè yon mò ki vin pale avè m. Li ban m 25 san revè. Jodi a n ap vann tout sa nou genyen pou nou jwe boul la.”

Lè yo fin jwe, y al chita nan vwazinaj la pou yo tande ki boul radyo a ap di ki fè premye lo. Chita, chita, chita. Koute, koute. Pim! Yo tande 38 fè premye lo. Mezanmi, nou pa bezwen mande kouman moun sa yo sezi. Yo tranble tankou fèy bwa, yo pa ka bwè, alewè pou yo ta manje.

Lannwit vin rive, y al dòmi. Fèmen msye fèmen je l, li wè menm mò a parèt devan l. Anvan mò a pale, msye gentan ap repwoche l: “Sa ou fè m konsa? Ou fè m pèdi tout!” Mò a reponn: “A! a! monchè, ou pa t konprann, non? Men se yon blag mwen t ap ba ou la!” Depi lè sa a, konpè Dezinò geri. Li pa jwe bòlèt ankò.


Bèlanj Dezi, Leyogàn

# YON CHEN YO RELE GRANJE

Te gen yon chen yo rele Granje. Travay li, se te mete sekirite nan lakou a, men se te twò byen li te konn fè travay li. Paske li te toujou grangou, chat, poul ak tout lòt ti bèt nan lakou a te gen anpil pwoblèm pou manje.

Yon jou, tankou toujou, vant konpè a pa t plen. Konsa li deside al chache yon ti manje lòt kote. Chans pa li, li wè yon kivèt vyann. Li pase anba, li vòlè yon gwo moso vyann, epi li kouri kouri. Pandan l ap pase sou yon pon, sou tèt yon rivyè, li gade nan dlo. Li wè yon chen ak yon moso vyann nan bouch li tou. Touswit li anvè jwenn lòt moso vyann lan. Konsa li sote nan dlo a dèyè lòt chen an.

Men se te pwòp imaj pa l li te wè a. Konsa, dlo a pote l ale, e se sèlman grasa yon branch bwa ki sove lavi li. Li pa jwenn lòt moso vyann lan, epi li pèdi pa l la tou. Tante gwo pèdi tout.



Feliks Sentilè, Gwomòn

**FÒK TOUT MOU  
FÒK TOUT MOUN**

**KU BOOKSTORES** \$2.00  
0-8400-5121-2



FREEMAN, BRYANT  
ANN BAY LODYANS VOL.14

GCON

02/23/01